

**ANALISIS SOSIOLOGI SAstra  
SAHA NILAI- NILAI PENDIDIKAN KARAKTER  
ING SALEBETING NOVEL *KIRTI NJUNJUNG DRAJAT*  
ANGGITANIPUN R.TG.JASAWIDAGDA**

**TESIS**

Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister

Program Studi Pendidikan Bahasa



**Kaanggit dening**

**Kuspriati**

**NIM 15PSCO1693**

**PROGRAM PASCASARJANA  
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

**2017**

## PASARUJUKAN

### ANALISIS SOSIOLOGI SASTRA SAHA NILAI- NILAI PENDIDIKAN KARAKTER ING SALEBETING NOVEL *KIRTI NJUNJUNG DRAJAT* ANGGITANIPUN R.TG.JASAWIDAGDA

dening

Kuspriati

NIM 15PSCO1693

Sampun pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Tapak Asma

Tanggal

Pamong 1

Prof. Dr. Herman J Waluyo, M.Pd.  
NIK. 690 115 345



24/8 2017..

Pamong 2

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.  
NIP.19600412 198901 1 001



24/8 2017..



Kauningan

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.  
NIP.19600412 198901 1 001

**PANGESAHAN**





**ANALISIS SOSIOLOGI SASTRA  
SAHA NILAI- NILAI PENDIDIKAN KARAKTER  
ING SALEBETING NOVEL *KIRTI NJUNJUNG DRAJAT*  
ANGGITANIPUN R.TG.JASAWIDAGDA**

dening

**Kuspriati**

**NIM 15PSCO1693**

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	: Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum. NIP. 19540809 198010 1 002		24/8 2017
Panitra	: Dr. Hersulastuti, M.Hum. NIP. 19650421 198703 2 002		24/8 2017
Panguji 1	: Prof. Dr.Herman J Waluyo,M.Pd. NIK. 690 115 345		24/8 2017
Panguji 2	: Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP.19600412 198901 1 001		24/8 2017

Kauningan,

Direktur Program Pascasarjana



Prof. Dr.Herman J Waluyo,M.Pd.  
NIK. 690 115 345

Ketua Program Studi



Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.  
NIP.19600412 198901 1 001

## PRATELA

Ingang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Kuspriati

NIM : 15PSCO1693

Jurusan/Program Studi : Bahasa Jawa/ Pendidikan Bahasa

Program : Pascasarjana

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun

Judul : ANALISIS SOSIOLOGI SASTRA SAHA NILAI  
NILAI PENDIDIKAN KARAKTER ING  
SALEBETING NOVEL *KIRTI NJUNJUNG DRAJAD*  
ANGGITANIPUN R.TG.JASAWIDAGDA

Menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting tesis punika dipunsukani tandha sitasi lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula mboten leres, kula sagah nampi sanksi akademik inggih punika batalipun gelar magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, 21 Januari 2017

Ingang damel pratela



Kuspriati

## **PISUNGSUNG**

Tesis menika kula pisungsungaken dhumateng :

1. Semah kula Arifin, anak kula Fifi Mufida lan Arju Najuan Nabula ingkang tansah asung panjurung.
2. Kanca-kanca seangkatan
3. Para pandemen basa lan sastra Jawa

## **MOTTO**

Aku Tidak Peduli atas Keadaan Susah dan Senangku, Karena Aku Tidak Tahu Manakah  
diantara Keduanya Itu yang Lebih Baik Bagiku  
(Umar Ibn Al Khattab)

*Mulat Sarira Hangrasa Wani*  
Berani Melihat Kesalahan Diri Sendiri  
(K. G. P. A. A. Mangkunegara I)

Bawalah Kejujuran dan Kedisiplinan untuk Meraih Kesuksesan  
(Suparmi)

## ATUR PANGGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Pangeran ingkang Maha Kuwaos karena lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis ingkang irah-irahanipun “Analisis Sosiologi Sastra lan Nilai-Nilai Pendidikan Karakter ing Salebeting Novel *Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R.TG. Yasawidagda “. Tesis menika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge ngayuh drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Karena tesis menika sampuncepak, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H.Triyono,M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring fasilitas.
2. Prof. Dr. Herman J Waluyo, M.Pd. Minangka Direktur Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ugi minangka dosen Pamong 1, ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun salebeting nyekapaken tesis menika.
3. Dr. H.D.B. Putut Setiadi, M.Hum. Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ugi minangka dosen Pamong 2 ingkang sampun paring panjurung panganggiting tesis menika.
4. Kanca-kanca lan sedaya pehak ingkang boten saged panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampunparing panyengkuyung awujut menapa kemawon satemah tesis menika saget kacekapaken.

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah mboten uwal saking kekirangan. Ingkang menika panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu –antu.

Klaten, 20 Febuari 2017

Panaliti

Kuspriati  
NIM. 15PSC01693



## DAFTAR ISI

PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN .....	iii
PRATELA .....	iv
PISUNGSUNG .....	v
MOTTO .....	vi
ATUR PANGLANTAR .....	vii
DAFTAR ISI .....	ix
DAFTAR LAMPIRAN .....	xiii
ABSTRAK .....	xiv
SARIPATHI .....	xv
<i>ABSTRACT</i> .....	xvi
BAB I PURWAKA .....	1
A. Lelarahing Prakawis .....	1
B. Idhidentifikasi Prakawis .....	3
C. Wewatesaning Prakawis .....	3
D. Rumusaning Prakawis .....	3
E. Ancasing Panaliten .....	4
F. Mumpangating Panaliten .....	4
BAB II LANDHESAN TEORI, PANALITEN INGGANG GAYUT, LAN	
CENKKORONGANING PAMIKIR .....	6
A. Landhesan teori .....	6
1. Sosiologi Sastra .....	6

a. Hakikat Sosiologi Sastra .....	6
b. Sosiologi Panganggit .....	8
c. Sosiologi Karya Sastra .....	10
2. Novel .....	14
a. Hakikat Novel .....	14
b. Unsur Pambangun Novel .....	14
3. Pendidikan karakter .....	21
a. Hakikat Pendidikan Karakter .....	21
b. Nilai Karakter .....	23
B. Panaliten ingkang gayut .....	28
C. Raganganing Pamikir .....	31
BAB III METODHOLOGI PANALITEN .....	33
A. Papan, lan Wekdaling Panaliten .....	33
B. Wujud lan Strategining Panaliten .....	33
C. Jinising Dhata lan Sumbering Dhata .....	36
D. Teknik Ngempalaken Dhata .....	36
E. Teknik Pamariksaan Keabsahan Data .....	37
F. Teknik Analisis Dhata .....	38
BAB IV PIKANTUKIPUN DHATA LAN PANGONCEKIPUNPUN DHATA ..	40
A. Dhata ingkang kapanggihaken .....	40
1. Sosiologi Panganggit ing Salebeting novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> .....	40
2. Sosiologi Karya Sastra ing Salebeting novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> ...	43
3. Tanggapan Pamaos ing Salebeting novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> .....	45
4. Nilai-nilai Pendidikan karakter ing Salebeting Novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> .....	59

a. Religi .....	60
b. Tanggel Jawab .....	60
c. Kerja Keras .....	61
d. Percaya Diri .....	61
e. Berpikir Logis, Kritis, Kreatif lan Inovatif .....	61
f. Peduli Sosial .....	63
g. Santun .....	64
h. Bersahabat Komunikatif .....	64
i. Gemar Membaca .....	64
B. Pangoncekipun Dhata.....	65
1. Lelarah panganggit ing salebetipun novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> karya R.Tg Jasawidagda .....	65
2. Sosiologi karya sastra ing salebetipun novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> karya R.Tg Jasawidagda.....	67
3. Tanggapan pamaos ing salebetipun novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> karya R.Tg Jasawidagda.....	69
4. Nilai-nilai pendhidhikan karakter ing salebetipun novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> karya R.Tg Jasawidagda .....	73
a. Religi .....	74
b. Tanggel Jawab .....	75
c. Kerja Keras .....	75
d. Ingin Tahu .....	75
e. Percaya Diri .....	76
f. Berpikir Logis, Kritis, Kreatif lan Inovatif .....	76
g. Peduli Sosial .....	77

h. Santun .....	77
i. Bersahabat Komunikatif .....	78
j. Gemar Membaca .....	78
BAB V PANUTUP .....	80
A. Dudutan .....	80
B. Implikasi .....	82
C. Saran.....	84
KAPUSTAKAN .....	84
LAMPIRAN .....	88

## DAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1. Sampul novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> Karya R.Tg. Jasawidagda.....	88
Lampiran 2. Sinopsis novel <i>Kirti Njunjung Drajat</i> Karya R.Tg. Jasawidagda.....	89
Lampiran 3. Pedoman Wawancara kangge Pamaos .....	92
Lampiran 4.1 Catatan Hasil Wawancara Pamaos 1 .....	93
Lampiran 4.2 Catatan Hasil Wawancara Pamaos 2 .....	102
Lampiran 4.3 Catatan Hasil Wawancara Pamaos 3 .....	108
Lampiran 4.4 Catatan Hasil Wawancara Pamaos 4 .....	112
Lampiran 4.5 Catatan Hasil Wawancara Pamaos 5 .....	116
Lampiran 5. Korpus Dhata Nilai-nilai Pendidikan Karakter .....	120

## ABSTRAK

Kuspriati. NIM. 15PSCO1693. “Analisis Sosiologi Sastra dan Nilai-nilai Pendidikan Karakter Novel *Kirti Njunjung Drajat* Anggitanipun R.TG. Yasawidagda”. Tesis Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten 2017

Penelitian ini bertujuan untuk mendeskripsikan : bagaimana sosiologi pengarang dalam novel *Kirti Njunjung Drajat*, bagaimana sosiologi sastra novel *Kirti Njunjung Drajat*, bagaimana tanggapan pembaca novel *Kirti Njunjung Drajat*, bagaimana nilai-nilai pendidikan karakter dalam novel *Kirti Njunjung Drajat*.

Penelitian ini tidak terikat dengan tempat tertentu dan pelaksanaannya selama sepuluh bulan. Penelitian ini termasuk penelitian kualitatif deskriptif dengan metode analisis isi. Data yang digunakan adalah analisis dokumen, hasil wawancara, dan buku-buku yang relevan dengan masalah penelitian, sedangkan sumber datanya adalah novel *Kirti Njunjung Drajat* karya R.Tg. Jasawidagda, biografi pengarang, dan para pembaca. Teknik pengumpulan data meliputi pembacaan, pencatatan, analisis dokumen, dan wawancara. Validitas data meliputi triangulasi sumber data, metode, dan teori. Teknik analisis data meliputi reduksi data, penyajian data, dan penarikan kesimpulan.

Hasil penelitian ini menunjukkan bahwa (1) latar belakang pengarang sosial pengarang mempengaruhi terciptanya novel *Kirti Njunjung Drajat* novel, seperti idiologi pengarang, profesionalisme, dan paradigma kontek sosial pengarang (2) aspek sosial dalam peristiwa yang terjadi dan setting mempunyai hubungan sosial dengan kenyataan yang sebenarnya, (3) pembaca memberikan kesan positif karena novel ini menyajikan nilai sosial, dan kisah kehidupan yang sederhana, dan peristiwa sejarah yang dapat dijadikan pembelajaran hidup, (4) nilai-nilai pendidikan karakter dominan yang terdapat dalam novel *Kirti Njunjung Drajat* yaitu : a. religi. b.tanggung jawab, c. kerja keras, d. ingin tahu, e. percaya diri, f. berpikir logis, kritis, kreatif dan inovatif, g. mandiri, h. peduli sosial, i. santun, j. bersahabat/komunikatif, k. gemar membaca.

Kata Kunci : Sosiologi Sastra, Novel, Nilai-Nilai Pendidikan Karakter

## SARIPATI

Kuspriati. NIM. 15PSCO1693. “Analisi Sosiologi Sastra lan Nilai-nilai Pendidikan Karakter Novel *Kirti Njunjung Drajat* Anggitanipun R.TG. Yasawidagda” Tesis Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten 2017

Panaliten menika nggadhahi ancas ndeskripsikaken : kadospundi sosiologi panganggit ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*, kadospundi sosiologi sastra novel *Kirti Njunjung Drajat*, kadospundi tanggapan pamaos novel *Kirti Njunjung Drajat*, kadospundi nilai-nilai pendidikan karakter ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*.

Panaliten menika boten kaiket kaliyan papan tartamtu lan katindakakeken sadangunipun sedasa wulan. Panaliten menika kalebet panaliten kualitatif deskriptif kanthi metode analisis isi. Dhata ingkang dipunginakaken inggih menika analisis dokumen, hasil wawancara, lan buku-buku ingkang relevan kaliyan prakawis panaliten, sumber dhatanipun inggih menika novel *Kirti Njunjung Drajat* karya R.Tg. Jasawidagda, biografi panganggit, lan para pamaos. Teknik pangempalan dhata kadosta pamaosan, nyatet, analisis dokumen, lan wawancara. Validitas dhata arupi triangulasi sumber dhata, metode, lan teori. Teknik analisis dhata arupi reduksi dhata, nyajikaken dhata, lan narik dudutan.

Adhedhasar pangonceking dhata, saget dipun pendhet dudutan: (1) sosiologi panganggit mangaribawani riniptanipun novel *Kirti Njunjung Drajat*, kadosta ideologi panganggit, profesionalisme, lan paradigma kontek sosial panganggit, (2) aspek sosial ing prastawa ingkang dumadi lan setting nggadhahi gegayutan kaliyan kasunyatan ingkang sayektosipun, (3) pamaos maringi kesan positif amargi nyamektakaken nilai sosial, kisah pagesangan ingkang simpel lan saget dipundadosaken pasinaon gesang, lan (4) nilai-nilai pendidikan karakter ingkang dominan ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat* kadosta : a. religi. b.tanggal jawab, c. kerja keras, d. ingin tahu, e. percaya diri, f. berpikir logis, kritis, kreatif lan inovatif, g. mandiri, h. peduli sosial, i. santun, j. bersahabat/komunikatif, k. gemar membaca.

Kata Kunci : Sosiologi Sastra, Novel, Nilai-Nilai Pendidikan Karakter

## ABSTRACT

Kuspriati. No. 15PSC01693. "Analysis on Literature Sociology and Character Educational Values of Novel *Kirti Njunjung Drajat* by R.Tg.Yasawidagda". Thesis. Language Education Study Program, Graduate Program, University of Widya Dharma Klaten, 2017.

This research aims at describing: how is the writer's sociology of a novel *Kirti Njunjung Drajat*, how is the literature sociology of a novel *Kirti Njunjung Drajat*, how is the reader's response to a novel *Kirti Njunjung Drajat*, how are the character educational values of a novel *Kirti Njunjung Drajat*.

This research is not tied to a certain place and lasted for ten months. This research is descriptive qualitative with the content analysis method. The data which are used are document analysis, interview result, and books relevant to research problem; whereas, the data sources are novel *Kirti Njunjung Drajat* by R.Tg.Yasawidagda, writer's biography, and readers. The technique of collecting data encompasses reading, taking notes, document analysis, and interview. Data validity encompasses data source triangulation, method triangulation, and theory triangulation. The techniques of analyzing data are data reduction, data display, and conclusion drawing.

The result of this research proves that (1) the writer's social background influences the creation of novel *Kirti Njunjung Drajat*, such as writer's ideology, professionalism, and writer's social context paradigm, (2) social aspect in events that occur and setting have social relationship to the fact, (3) readers give positive impression because this novel presents social values, simple life story, and history events that can be life learning, (4) dominant character educational values are: a. religious, b. responsible, c. hard working, d. curious, e. self confident, f. logical, critical, creative, and innovative thinking, g. independent, h. social care, i. polite, j. friendly/communicative, k. like reading.

**Key words:** *Literature Sociology, Novel, Character Educational Values*



# **BAB I**

## **PURWAKA**

### **A. Lelarahing Prakawis**

Karya sastra mboten namung mligi rinipta saking struktur instrinsik, kadosta tema, alur, perwatakan, amanat, sudut pandang, lan gaya basa. Karya sastra rinipta jalaran wontenipun panganggit ingkang magepokan kaliyan pendhidhikan, kapitadosan, filsafating agesang, wawasan pamikir lan sapanunggalipun. Karya sastra mboten saged uwal ugi saking bebrayan ageng pamaosipun nalika riniptanipun. Mboten wonten karya sastra mijil tanpa bebrayan ageng pamaos. Sedaya kasunyatan sastra ngandharaken wontenipun pangripta, karya, lan publik.

Minangka satunggaling karya sastra realis, novel *Kirti Njunjung Drajat* karya R.Tg.Jasawidagda kejawi dipunwangun mawi unsur intrinsik sastra, novel kasebut ugi gegayutan kaliyan lelarahing panganggit lan bebrayan ageng wonten pundi novel kasebut rinipta. Karya sastra minangka wujud kristalisasi kapitadosan, nilai-nilai, lan norma-norma ingkang dipunsepakati bebrayan ageng. Pramila dados kawigatosan bilih novel kasebut saged dipunanalisis saking segi panganggit, pamaos, lan nilai-nilai pendhidhikan ingkang wonten ing salebetipun.

Andharan ing nginggil jumbuh kaliyan pamanggih Atar Semi (2012: 92) bilih sastra minangka kaca pagesangan bebrayan ageng. Lumantar karya sastra panganggit nedahaken prakawis pagesangan ingkang dipunyakini panganggit piyambak ing salebetipun karya sastra kasebut. Karya sastra nampi daya/pangaribawa saking babrayan agung lan ugi saged ndayani dhumateng bebrayan ageng. Semanten ugi bebrayan ageng asring sanget nemtokaken nilai karya sastra ingkang gesang ing

satunggaling jaman, sawetawis sastrawan piyambak ingkang minangka anggota bebrayan ageng boten saged nyelaki saking wontenipun pengaruh/daya ingkang dipuntampi saking lingkunganipun.

Novel *Kirti Njunjung Drajat* minangka salah satunggaling novel ingkang kawentar ing warsa 1920-an. Novel karya R.Tg.Jasawidagda (almarhum) kasebut terbit ingkang kaping sepisan ing warsa 1924. Kadosta novel-novel Jawa warsa 1920-an, novel *Kirti Njunjung Drajat* kalebet novel kanthi cacahipun kaca tipis , inggih menika 59 kaca ananging prakawis ingkang dipun cariosaken minangka prastawa faktual ing zamanipun. Naliti satunggaling novel kanthi pendekatan sosiologis ingkang panganggitipun sampun tilar donya utawi seda tentu kemawon bade ndadosaken tantangan piyambak kangge panaliti.

Motivasi panaliti kangge naliti novel *Kirti Njunjung Drajat* kanthi pendekatan sosiologis nggadahi alesan kados mekaten. Ingkang kaping sepisan, R.Tg. Jasawidagda minangka panganggit novel kasebut nyariosaken ngengingi priyayi ingkang caket kaliyan keluarga Mangkunegaran, ingkang profesinipun minangka guru, lan peka sanget dhumateng prakawis- prakawis sosial ing bebrayan ageng sakiwa tengenipun. Ingkang kaping kalih, minangka novel realis, novel kasebut mbikak prastawa faktual bebrayan ageng Jawa ing zamannipun.

Kanthi irah- irahan “*Analisis Sosiologi Sastra lan Nilai-Nilai Pendidikan Karakter ing salebeting Novel “Kirti Njunjung Drajat” Karya R.Tg.Jasawidagda,* panaliten menika dipunjangka saget ngasilken konsep ingkang kados ing ngandap menika: 1) konsep sosiologi panganggit, 2) konsep sosiologi sastra, 3) konsep tanggapan pamaos, lan 4) konsep nilai-nilai pendidikan wonten ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*.

## **B. Idhentitasing Prakawis**

Minangka satunggaling karya sastra, novel *Kirti Njunjung Drajat* dipunwangun saking unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Unsur intrinsik menapa unsur ekstrinsik satunggaling novel saged dipundadosaken prakawis kajian panaliten. Prakawis-prakawis ingkang saged dipundadosaken kajian panaliten ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat* saged dipunidetikasi kados punika : (a) Struktur pambangun novel; (b) Lelarah (falsafah, ideologi politik, pendidikan, kehidupan keagamaan, ekonomi) panganggit novel; (c) Latar sosial budaya ing salebeting novel; (d) Tanggapan pamaos dhumateng novel; (e) Psikologi tokoh; (f) Pamilihipun basa ing salebeting novel; (g) Pangangenipun tanda basa; (h) Nilai- nilai pendidikan karakter; lan (i) Nilai-nilai religius; Nilai-nilai moral.

## **C. Wewatesing Prakawis**

Gegayutan kaliyan kathahipun prakawis ingkang saged dipunkaji saking novel *Kirti Njunjung Drjat*, panaliten menika dipunwatesi wonten ing prakawis sosiologi panganggit, sosiologi karya sastra, tanggapan pamaos, lan nilai-nilai pendidikan karakter ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*.

## **D. Rumusaning Prakawis**

Adhedasar wewatesing prakawis ing ngginggil, rumusan prakawis ing salebeting panaliten kados ing ngandhap punika :

1. Kadospundi sosiologi panganggit ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*?
2. Kadospundi sosiologi karya sastra ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*?
3. Kadospundi tanggapan pamaos dhumateng novel *Kirti Njunjung Drajat*?

4. Kadospundi nilai-nilai pendidikan karakter ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*

#### **E. Ancasing Panaliten**

Ancasing panaliten inggih menika kados ing ngandap :

1. Ndeskripsikaken sosiologi panganggit ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*.
2. Ndeskripsikaken sosiologi karya sastra ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*.
3. Ndeskripsikaken tanggapan pamaos dhumateng novel *Kirti Njunjung Drajat*.
4. Ndeskripsikaken nilai-nilai pendidikan karakter ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*.

#### **F. Manpangating Panaliten**

Panaliten menika nggadahi manpangat teoritis lan manpangat praktis.

1. Manpangat teoritis

Manpangat teoritis saking panaliten inggih punika saged deskripsikaken sosiologi panganggit, sosiologi karya sastra, tanggapan pamaos, lan nilai-nilai pendidikan karakter ing salebeting novel *Kirti Njunjung Drajat*. Kanthi saged deskripsikaken 4 babagan kasebut badhe nambahi aset konsep teori babagan karya sastra.

2. Manpangat praktis

Panaliten menika nggadahi manpangat praktis inggih menika kados ing ngandap menika :

- a. Dipunmanpangataken kangge guru lan siswa minangka bahan ajar ing salebeting pasinaonan sastra ing mata pelajaran basa Jawa wonten ing SMP.
- b. Dipunmanpangataken minangka suplemen nanemaken nilai-nilai pendhidhikan oleh guru ing salebeting pasinaonan mata pelajaran basa Jawa.
- c. Dipunmanpangataken minangka kajian pustaka lan panaliten ingkang relevan kangge panaliti salajengipun.

## BAB V

### PANUTUP

#### A. Dudutan

Adedhasar asil analisis dhata lan pangoncekipun, saget dipunpendhet dudutan kados ing ngandap menika.

#### 1. Sosiologi Panganggit ing Salebetipun Novel *Kirti Njunjung Drajat*

Panganggit ingkang dipundahasri kaliyan lelarah sosial, status sosial, lan idiologi panganggit nemtokaken asil kapanganggitan novel *Kirti Njunjung Drajat*. minangka wujud refleksi pagesangan bebrayan ageng ingkang dipunalami panganggit. R.Tg Jasawidagda salah satunggaling panganggit ingkang nggadhahi peran ing salebetipun owah owahanipun tatanan bebrayan ageng Jawi. Piyambakipun satunggalipun *priyayi* ing Surakarta lan menggambaraken prastawa ingkang faktual ing jamannipun. Lelarah sosial panganggit saget dipunpirsani saking kaluwarganipun, piyambakipun minangka turunipun priyayi lan gesang minangka priyayi. Ananging Jasawidagda asring nolak solah tingkah gesangipun priyayi ingkang miturut piyambakipun boten laras kaliyan kawontenan gesang *modern*.

Status panganggit minangka guru utawi pendhidhik,nyerat lan maos (aktif ing jagatipun pers utawi serat kabar) ugi aktif ing sosial politik ing antawisipun *aktivis* ing organisasi Budi Utama lan Persatuan Guru Indonesia nalika semanten dipunasmani *Persatuan Guru Hindia-Belanda*.

Idiologi panganggit ngandharaken bilih minangka lulusan sekolah guru, piyambakipun boten saged nilar jebihanipun minangka pendhidhik. Pramila

piyambakipun ugi boten nate kanton nyisipaken piwulang-piwulang *didaktis* ing saben salebetipun asil karyanipun.

## **2. Sosiologi Karya Sastra Novel *Kirti Njunjung Drajat***

Novel *Kirti Njunjung Drajat* nggambaraken novel realis ingkang saget dados dokumen sejarah lan alam pikiran dalah budaya jawa wekdal semanten. Nalika dereng mardika lan zaman paprentahan Walanda. Sedaya tataran sosial budaya, ekonomi, lan politik wonten ing sangandhape pangaribawa papretahan Walanda (1912) novel menika wosipun nyariyosaken nem-nemanipun Darba ingkang kepingin angsal kebebasan salebetipun nglampahi gesang, inggih menika kanthi cara nilar *kepriyantunan*. Kejawi menika ugi maringi piwulang bab unggah-ungguh nem-neman dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh. Ugi ngajaraken perjuangan gesang saking ngandhap ngantos dados tiyang ingkang mulya. Gegembaran menika saget dados patuladhan kangge nem-neman wonten ing jaman ingkang badhe dhateng.

## **3. Tanggapan Pamaos Novel *Kirti Njunjung Drajat***

Adhedhasar asil wawancara dhumateng gangsal informan (pemaos ahli lan biasa), saget dipunpendhet dudutan bilih novel *Kirti Njunjung Drajat* pikantuk apresiasi saking pamaos. Kanthi cara umum, wosing novel kasebat saget mangaribawani para maos, maringi kesan positif, narik kawigaten, lan informasi ingkang manpang. Kejawi menika novel kasebut ugi saget dipunmanpangataken kangge bahan pasinaon ing tataran sekolah SMA lan pawiyatan inggil.

## **4. Nilai-nilai Pendhidhikan Karakter Novel *Kirti Njunjung Drajat***

Novel *Kirti Njunjung Drajat* minangka salah satunggaling sumber mbentuk

karakter ingkang saget nggatosaken bab-bab selaras kaliyan peserta didik, kadosta narik kawigatosan pamaos, ndherekaken nilai-nilai kemanusiaan, lan njurung pamaos kangge tumindak langkung sae. Wonten wolu nilai pendhidhikan karakter ingkang ketal, kadosta *religius, tanggung jawab, kerja keras, percaya diri, berfikir logis, kritis, kreatif lan inovatif, peduli sosial, santun, bersahabat/ komunikatif, gemar membaca.*

## **B. Implikasi**

### **1. Implikasi Teoritis**

Bab ingkang dipun maksud impikasi teoritis ing panaliten inggih menika kawruh utawi wawasan ingkang dipun panggih pamaos sasampunipun maos asil panaliten menika. Novel *Kirti Njunjung Drajat* ingkang nggadhahi teges “Kirti” Kapinteran, pagawean, tumindak, “Njunjung” ngundakake, “Drajat” kaluhuran. (Prawiraatmodjo, 1980: 249). Miturut wosipun novel *Kirti Njunjung Drajat* bilih ajinipun priyantun menika boten dumunung wonten ing status kepriyayan ananging gumantung dhumateng kapinteran, pakaryan, saha budi pakertinipun. Bab menika saget dipungayuh kanthi cara sregep nyinaoni menapa mawo ingkang migunani kangge pagesangan lan pangupajiwa, tumemen makarya lan tansah becik lan anggenipun sesrawungan kaliyan sapepadha. Novel *Kirti Njunjung Drajat* minangka cerminan kahanan pagesangan bebrayan ageng ing zaman penjajahan Walanda ing taun 1924 kanthi latar wonten ing Surakarta lan Semarang.

Sosiologi sastra ugi maringi pemahaman kaliyan pamaos dhumateng sedaya karya sastra ingkang dipun sarengi aspek bebrayanan ageng. Aspek bebrayanan ageng kasebut inggih menika kahanan sosial bebrayan ageng nalika zaman



penjajahan Walanda. Tataran menika saget dipunpersani babagan kekerabatan, pendhidikan, ekonomi lan politik.

Sikap tanggel jawab, kerja keras, rasa ingin tau serta kreatifipun paraga utama Darba saget nggayuh kamulyan kamangka zan menika nggadhahi pamanggih bilih status sosial kepriyayan saget dipunangge amargi saking turunan priyayi. Sikap menika saget dipundadosaken kawruh atawi pasinaon kangge pamaos salebetipun nglampahi pagesangan ing bebrayan ageng.

## **2. Implikasi Praktis**

Implikasi praktis inggih menika kawruh ingkang saget dipunpendet lan ugi nerapaken sifat-sifat sae ingkang patut dipuntuladhani saking paraga novel *kirti Njunjung Drajat* kaliyan pamaos salebetipun pagesangan saben dinten supados novel menika nggadhahi implikasi salebetipun jagat pendhidhikan. Nilai-nilai karakter ingkang wonten ing novel *Kirti Njunjung Drajat* saget dipunimplikasikan peserta didik lan bebrayan ageng salebetipun pagesangan saben dinten. Tuladhanipun paraga Darba ingkang remen maos ndadosaken piyambakipun lantip, wawasanipun wiyar lan gampil anggenipun srawung dhumateng sintenkemawon.

Implikasi salajengipun saget dados bahan materi pandukung ing tataran pawiyatan luhur. Estetika sastra ingkang wonten ing novel *Kirti Njunjung Drajat* saget dipun dadosaken minangka media pasinaon kaliyan dosen bab teknik panyeratan novel. Cekap kathah mata kuliyah ingkang saget dipunaplikasikan kaliyan novel *Kirti Njunjung Drajat*, inggih menika Apresiasi Prosa Fiksi, Kritik Prosa/Sastra, Teori Sastra, lan sosiologi Sastra. Pramila novel *Kirti Njunjung Drajat* nggadhahi peran lan manfaat kangge mahasiswa saking segi isi lan teknik panyeratanipun.

Implikasi salajengipun kangge guru lan tenaga pandhidhik kanthi cara lumrah mujudaken guru ingkang ideal lan sadar profesi. Guru seyogyanipun tetep amanah lan tanggel jawab kaliyan profesinipun. Bab menika kagambaraken saking paraga Darba minangka carik kepatihan ingkang dipun lorot dateng onder kapolisian.

Panaliten dhumaten novel *Kirti Njunjung Drajat* saget minangka kaca bebrayan ageng pamaos karya sastra minangka simbolisasi saking pamikiran spekulatif pengalaman manungsa. Lumantar karya sastra, pamaos saget magertosi refleksi dhumateng kasunyatan manungsa lan perkawisipun. Pamaos saget mirsani panganggit nyajikaken cariyos ingkang sae, kados pundi priyayi bebrayan ageng jawi ngombak tatan adat ingkang sampun baku kanti cara pedamelan utawi kawruh (kirti) dumugi mulya.

Asil panaliten menika saget dados rujukan kangge ningkataken kualitas panaliten ilmiah, mliginipun kajian sosiologi sastra. Saget dipun tingali landasan teori menika gumantung saking kajian sosiologi sastra supados panaliten menika saget dados bahan referensi panaliti ingkang badhe tumeka. kejawi menika saget dados motifasi kangge pados landasan teori ingkang langkung kiyat supados ngasilaken panaliten ingkang nggadhahi kualitas.

### **C. Saran**

Saran dhumateng tenaga pandhidhik supados nepangaken novel *Kirti Njunjung Drajat* kaliyan peserta didik minangka bahan ajar amargi nilai pendidikan karakter ing salebetipun novel kasebut saget mbentuk karakter siswa kanggu nuwuhaken raos sosial lan moral ingkang inggil lan langkung sae malih.

Saran dhumateng peserta didik seyogyanipun novel *Kirti Njunjung Drajat* saget dados bahan ajar ing pawiyatan luhur (perguruan tinggi) ing babagan nganalisis

karya sastra, nyinauni teknik panyeratan lan ndamel karya sastra. Kejawi menika nerapaken nilai-nilai karakter ingkang wonten ing paraga-paraga salebetipun pagesangan bebrayan ageng.

Saran kangge pamaos limprahipun seyogyanipun ndadosaken *Novel Kirti Njunjung Drajat* minangka satunggaling karya sastra ingkang saget dados kaca benggala anggenipun srawung lan nglampahi pagesangan ing bebrayan ageng.

## KAPUSTAKAN

- Ardiana, Leo Indra et.al. 2002. *Apresiasi Prosa Fiksi*. Jakarta : Depdiknas.
- Ardiana, Leo Indra et.al. 2002. *Teori Sastra*. Jakarta : Depdiknas.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Medpress.
- Escarpit, Robert. 2008. *Sosiologi Sastra*. Jakarta : Yayasan Obor Indonesia
- Hall, Kelly J. 2000. *Putting the pieces Together. Using Jane Smile's A Thousand Acres in Ssosiology of Families. Teaching sociology*. 28(4): 370-378.
- Harmanto. 2008. "Mencari Model Pendidikan Anti Korupsi bagi Siswa SMP dan MTs". Makalah disampaikan dalam Simposium nasional Pendidikan Warsa.
- Hartoko, Dick dan B. Rahmanto. 1986. *Pemandu Dunia Sastra*. Yogyakarta: Kanisius
- Jabrohim, Chaerul Anwar, dan Suminto A.Sayuti. 2001. *Cara Menulis Kreatif*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Jasawidagda. 2012. *Kirti Njunjung Drajat*. Bandung : PT Kiblat Buku Utama.
- Kemendiknas. 2010. *Pendidikan Karakter di Sekolah Menengah Pertama*. Jakarta : Kemendiknas.
- Kemendiknas. 2010. *Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa*. Jakarta : Kemendiknas.
- Khan, D. Yahya. 2010. *Pendidikan Karakter Berbasis Potensi Diri*. Yogyakarta : Pelangi Publishing.
- Koesoema, Doni. 2010. *Pendidikan Karakter Strategi Mendidik Anak di Zaman Global*. Jakarta : PT Grasindo.
- Koesuma, Doni. 2012. *Pendidikan Karakter Utuh dan Menyeluruh*. Yogyakarta : PT KANISUS.
- Kurniawan, Heru. 2012. *Teori, Metode, dan Aplikasi Sosiologi Sastra*. Yokyakarta : Graha Ilmu.
- Leenhardt, Jacques. 2013. *The Sociology Of Literature: Some Stages in Its History. International Social Science Journal*. 19(4): 517-533.

- Majid, Abdul. 2006. *Perencanaan Pembelajaran*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya.
- Majid, Andarini. 2013. *Pendidikan Karakter Perspektif Islam*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya.
- Muslich, Masnur. 2011. *Pendidikan Karakter Menjawab Tantangan krisis Mediasional*. Jakarta : Bumi Aksara.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Racmat Djoko. 2003. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Prawiroatmodjo, S. 1996. *Kamus Bausastra Jawa-Indonesia*. Jakarta : PT Toko Gunung Agung .
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : Pusta Pelajar.
- Samani, Muchlas dan Hariyanto. 2012. *Model dan Konsep Pendidikan Karakter*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya.
- Sangidu. 2005. *Penelitian Sastra: Pendekatan, Teori, Metode, Teknik, dan Kiyat*. Yogyakarta : Sastra Asia Barat UGM.
- Sayuti, Suminto A. 1988. *Dasar-Dasar Analisis Fiksi*. Yogyakarta : LP3S.
- Semi, Atar M. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung : Angkasa
- Suwardi. 2011. *Sosiologi Sastra* . Bahan Kuliah. Yogyakarta : FBS UNY
- Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Basa. 1995. *Kamus Besar Basa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Waluyo J. Herman 2014. *Pengkajian dan Apresiasi Prosa Fiksi*. Surakarta : UPT UNS Press.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1993. *Teori Kesusastraan*. Jakarta : Gramedia
- Yahidi. 2011. *Desain Pendidikan Karakter : Konsepsi dan Aplikasinya dalam Pendidikan*. Jakarta : Kencana Prenada Media Group.